



Kontwòl
Devlopman
Vil New York

pou Tibebe ak Jèn Timoun ki Arisk
pou Gen Reta nan Devlopman oswa
yon Andikap

**Kijan Tibebe
Mwen
Ye?**



Ede pitit ou demare byen.

Tibebe ak jèn timoun yo aprann epi devlope yon fason ki diferan. Yon timoun ka pale pi ta. Yon lòt timoun ka mache pi bonè.

Souvan, paran yo pa bezwen gen enkyetid pou diferans sa yo. Men kèk timoun ka jwenn avantaj nan **Kontwòl Devlopman**, yon pwogram ki la pou wè kijan timoun yo ap devlope ak kantite pwogrè y ap fè.





Tibebe ak jèn timoun yo aprann epi devlope yon fason ki diferan. Yon timoun ka pale pi ta. Yon lòt timoun ka mache pi bonè.

Souvan, paran yo pa bezwen gen enkyetid pou diferans sa yo. Men kèk timoun ka jwenn avantaj nan **Kontwòl Developman**, yon pwogram ki la pou wè kijan timoun yo ap devlope ak kantite pwogrè y ap fè.

Doktè ou, travayè sosyal ou oswa sant gadri ou ka te mande nou pou kontakte ou. Sa enpòtan paske rechèch yo fè montre plis yon timoun jèn lè I jwenn èd pou reta, se plis li gen chans pou rezulta yo pi bon.

Pitit ou ta ka jwenn avantaj nan kontwòl developman si li poko gen 3 zan epi:

- ⌚ Li te fèt anvan 33 semèn
- ⌚ Li te pase plis pase 10 jou nan swen entansif apre akouchman
- ⌚ Li te peze mwens pase 4 liv lè li fèt
- ⌚ Rezulta tès plon yo te fè pou li a te twò wo
- ⌚ Li te rate oswa li pa t pase yon premye tès depistaj pou evalye konpetans pou tande tibebe ki fèk fèt
- ⌚ Li te afekte akòz sitiyasyon sanzabri oswa vyolans nan kay
- ⌚ Manman li gen laj adolesan
- ⌚ Manman li pa te resevwa swen pandan li te ansent la

N ap koute enkyetid ou yo epi n ap travay anpil avèk ou pou evalye pwogrè pitit ou.

Chak kèk mwa jouk pitit ou vin gen twazan daj, n ap voye kèk kesyon senp ba ou pa lapòs pou mande ou kijan pitit ou:

- ⌚ Fè ou konnen sa li vle a
- ⌚ Bouje kò li
- ⌚ Itilize men ak dwèt li
- ⌚ Rezoud pwoblèm
- ⌚ Jwe poukont li epi jwe avèk lòt moun

N ap revize repons ou yo, epi answit n ap fè ou konnen ki pwogrè pitit ou ap fè.

Si pitit ou pa gen pwoblèm, n ap kontinye kontwole pwogrè li. Si rezulta yo montre pitit ou ka arisk pou yon reta nan developman li, nou kapab ede ou jwenn sèvis pitit ou bezwen avèk yon evalyasyon pou Entèvansyon Bonè.

Ou kapab rele nou tou nenpòt lè si ou gen kesyon sou developman pitit ou.



Jwenn plis enfòmasyon sou Kontwòl Devlopman ak Entèvansyon Bonè.

Pale avèk doktè ou, **rele 311** epi mande pou Kontwòl Devlopman (Developmental Monitoring) ak Entèvansyon Bonè (Early Intervention), oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health/earlyint.

Sèvis Kontwòl Devlopman ak Entèvansyon Bonè
se sèvis ki konfidansyèl ak gratis pou fanmi yo,*
kèlkесwa revni yo oswa sitiayson imigrasyon yo.

*Si ou gen asirans sante, tankou Medicaid, n ap itilize li pou peye pou sèvis Entèvansyon Bonè san ou pa gen pou peye anyen.

